# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–27 मार्च 2026 भोजपुरी समाचार

केन्द्र सरकार घरेलू खपत बदे पेट्रोल आ डीजल पर केन्द्रीय उत्पाद सुल्क में दस रूपिया प्रति लीटर क कटउती कइले हौ। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन कहलीं कि ई फैसिला पच्छिमी एशिया संकट के बिच्चे लिहल गइल बा। उहां के कहलीं कि डीजल के निर्यात पर एक्कइस रूपिया पचास पइसा प्रति लीटर आ विमानन ईंधन पर ओन्तीस रूपिया पचास पइसा प्रति लीटर सुल्क लगावल गइल बा। ओहीं, वित्त मंत्री नई दिल्ली में संवाददाता लोगिन से बतियावत कहलिनि कि सरकार ई सुनिस्चित कइले हौ कि पेट्रोल, डीजल आ विमानन टरबाइन ईंधन–एटीएफ के दाम में बढ़ोत्तरी नाही होई। उहां के बतवलीं कि सरकार की ओरि से ई फैसिला लिहल गइल हौ कि वैस्विक हालति के नाते पेट्रोल, डीजल आ एटीएफ के दाम में बढ़ोत्तरी नाही होखे के चाही।

**आज इस निर्णय के कारण सप्लाई कमी नहीं होगा। जनता को डीजल भी पेट्रोल भी क्रूड भी मिलेगा और एटीएफ बहुत इम्पोटेंट है भारत देश का एयरक्रॉफ्ट और हमारे कम्पनियों को एक एटीएफ मिलना आवश्यक है। मान्य प्रधानमंत्री जी ने इमर्जेंसी में एक मीटिंग बुलाई और इस विषयों के ऊपर चर्चा गोष्ठी करके तुरंत निर्णय किया।**

वित्त मंत्री लॉकडाउन के अफवाहन के निराधार बतावत लोगिन के भरोसा दिहलिनि कि कोविड महामारी के दौरान लागू कइल गइल लॉकडाउन जइसन कउनों लॉकडाउन नाही होई।

**********

केन्द्र सरकार राज्यन खातिर वाणिज्यिक एलपीजी आवंटन के बढ़ा के सत्तर फीसदी कइले क फैसिला लिहले हौ। एहमें से बीस फीसदी आवंटन इस्पात, ऑटोमोबाइल, कपड़ा आ अउरियो श्रम प्रधान उद्योगन के दीहल जाई। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में ई घोसणा करत पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्री हरदीप सिंह पुरी कहलें कि एकर उद्देस्य वाणिज्यिक एलपीजी के आपूर्ति के सुगम बनावल हौ। उहां के कहलीं कि ओह उद्योगन के प्राथमिकता दीहल जाई जहवां पाइपलाइन गैस क बिकल्प नाही बा।

**********

रामनौमी क तिउहार आजु प्रदेस भर में सरधा–भक्ति आ उछाह के साथे मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर अजोध्या में श्रीराम जन्मभूमि मंदिर में प्रभु श्रीराम क सूर्य तिलक कइल गइल। एगो रिपोर्ट–

***रामनवमी के उत्सव के लिए दस लाख से ज्यादा श्रद्धालू प्रभू राम की नगरी अयोध्या मे मौजूद है। लोग सरयू नदी और राम की पौड़ी में स्नान कर रहें हैं। भय प्रकट कृपाल दीनदयाला, कौशल्या हितकारी जैसे भजनों की धून पर पूरी अयोध्या गूंजायमान है। श्रीराम जन्मभूमि मंदिर में सुबह भगवान राम के अभिषेक के बाद ठीक दोपहर बारह बजे गर्भग्रह मे सूर्य तिलक हुआ। इसके बाद छप्पन भोग प्रसाद चढाए गए और प्रभू की आरती हुई। मंदिर आज देर रात तक दर्शन के लिए खुला रहेगा। सुशील चंद्र तिवारी आकाशवाणी समाचार लखनऊ।***

रामनौमी के मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी भगवान श्रीराम क पूजा–अर्चना कइलें आ अजोध्या के श्रीराम जन्मभूमि मंदिर में भइल श्रीरामलला के सूर्य तिलक समारोह के प्रसारणो के देखलें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ रामनवमी के मौका पर विधि–विधान से भगवान श्रीराम क जनमोत्सव मनवलें। एगो रिपोर्ट–

***मुख्यमंत्री ने प्रभु श्रीराम की आरती उतारी और बाल स्वरूप श्रीरामलला को पालने में झुलाकर लोक मंगल की प्रार्थना की। इस अवसर पर मुख्यमंत्री ने अपने संदेश में कहा कि प्रदेश में बिना भेदभाव शासन की योजनाओं का लाभ हर व्यक्ति तक पहुंचाया जा रहा है। पिछले ग्यारह वर्ष में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के मार्गदर्शन में प्रदेश के भीतर छः करोड़ से अधिक लोग गरीबी रेखा से बाहर आये हैं और उन्हें सम्मानजनक जीवन जीने का अवसर मिला है। गोरखपुर से गिरीश नारायण चौबे की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

येह बिच्चे, चइत नवरातर के नउवां दिन्ने आजु मां दुर्गा के सिद्धिदात्री स्वरूप क पूजा–अर्चना कइल जा रहल बा। प्रदेस के सज्जो सक्तिपीठन आ देवी मंदिरन में सरधालुअन क भारी भीड़ि लागल बा। येह मौका पर मुख्यमंत्री आजु गोरखनाथ मंदिर में विधि–विधान से पूजा–अर्चना कइलें। उहां के रिवाज के मोताबिक कन्या पूजनों कइलीं।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह महिन्ना के ओन्तीस तारीख के आकाशवाणी पर 'मन की बात' कार्यक्रम में देस–बिदेस के लोगिन से आपन बिचार साझा करिहें। उनकरे येह लोकप्रिय कार्यक्रम कै येह एक सौ बत्तीसवां कड़ी क प्रसारण भिन्नहीं इग्यारह बजे से कइल जाई।

**********

प्रदेस के लखनऊ, कानपुर आ सीतापुर के सथहीं कई गो अउरियो जिलन में आजु मौसम क मिजाज बदलि गइल। राज्य के कई इलाकन में दिन में अचक्के असमान में बादर छा गइले आ रूकि–रूकि के हल्लुकाहे बरखा भइले से लोगिन के फिलहाल तेज घाम से राहति मिलल बा। गोरखपुर आ एकरे लग्गे के जिलनों में असमान में बादर छवले बा आ कुछु जगहिनि पर हल्लुकाहे बरखो भइल। मौसम विभाग प्रदेस के कई जिलन में आजु गरज–चमकि के साथे बरखा भइले क सम्भावना जतवले हौ।

**********